

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Manusa mangrupa mahluk sosial anu hirup kumbuh sapopoéna teu weléh pagilinggisik jeung manusa séjénna. Manusa ngagunakeun basa pikeun ngawangun komunikasi jeung papada manusa lianna. Ku kituna, basa téh minangka *produk* tina hasil mikir manusa pikeun nepikeun maksud, udagan, jeung kahayang. Basa téh bisa dipaluruh kalayan dua cara, nyaéta sacara *internal* jeung *eksternal*. Maluruh basa sacara *internal* nyaéta maluruh basa kalayan ngagunakeun tiori-tiori jeung prosedur-prosedur disiplin linguistik wungkul, saperti struktur fonologisna, struktur morfologisna, atawa struktur sintaksisna. Sedengkeun maluruh basa sacara *eksternal* mah, maluruh hal-hal atawa faktor-faktor anu aya di saluareun basa, tapi raket patalina jeung pola pamakéan basa ku nu makéna di sajeroning kelompok-kelompok sosial kamasarakatan.

Maluruh basa sacara eksternal kudu ngagunakeun dua disiplin élmu atawa leuwih, lantaran ayana faktor-faktor anu mangaruhan di saluareun basa. Saperti dina ieu panalungtikan, ngagunakeun dua disiplin élmu nyaéta antara sosiologi jeung linguistik. Sosiologi mangrupa pedaran anu maluruh manusa di masarakat sacara *objektif* tur *ilmiah*. Sedengkeun linguistik mah museur maluruh sajeroning basa. Ku kituna Abdul Chaer jeung Agustina, (2010: 2) nétélakeun yén sociolinguistik téh nyaéta hiji widang antardisiplin élmu anu maluruh basa anu aya patalina jeung pamakéan basa di masarakat (sosial).

Dina ulikan sociolinguistik aya anu disebut sikep basa. Numutkeun Anderson (dina Chaer jeung Agustina, 2010: 151), yén sikep basa téh nyaéta tata kayakinan atawa kognisi hiji jalma kana hiji basa, anu saupama sipatna positif bisa ngajamin kalumangsungan hiji basa nyaétangukuhan basa téa, tug kitu deui sabalikna saupama negatip. Komponen sikep numutkeun Lambert (dina Chaer jeung Agustina, 2010: 150) dipasing-pasing jadi tilu komponen nyaéta komponen kognitif, komponen afektif, jeung komponen konatif. Salian ti mibanda komponen, numutkeun Garvin jeung Mathiot (dina Chaer jeung Agustina, 2010:

152) yén sikep basa téh mibanda tilu ciri, nyaéta: (1) KasatiaanBasa (*language loyalty*), anu ngarojong hiji masarakat tetep maké hiji basa kalayan *dipertahankeun*;(2) Kareueus Basa (*language pride*), anu ngarojong hiji jalma mekarkeun basana katut maké hiji basa salaku lambang idéntitas hiji masarakat; (3) Kasadaran ayana norma basa (*awareness of the norm*), anu ngarojong hiji masarakat ngagunakeun hiji basa kalayana sopan jeung santun luyu jeung tetekon.

Ngukuhanjeung ngésérnabasa mangrupa dua gejala dina basa anu silih patali di papadana. Kiwari masarakat geus loba kapangaruhan ku budaya-budaya deungeun kaasup basa, balukarna masarakat kiwari geus mimiti mopohokeun tur ninggalkeun kana budayana sorangan, kaasup dijerona aya basa indungna sorangan. Dina ulikan Sosiolinguistik robahna basa, ngésérna basa, jeung ngukuhan basageus mangrupa hiji hubungan anu silih ngabeungkut. Saupama niténan kaayaan basa anu dipaké ku masarakat kiwari, geus katémbong pisan ayana kila-kila robahnabasa jeung ngésérnabasa. Ieu kaayaan geus katémbong ogé dina kahirupan masarakat Sunda sacara umum. Basa Sunda anu jadi basa Indung di Jawa Barat saeutik-saeutik geus mimiti ditinggalkeun tur katutup ku basa-basa anu leuwih loba dipaké ku masarakat sacara umum khususna bahasa Indonesia (ngésérna basa). Saupama geus katémbong tanda-tanda saperti kitu, kudu aya tarékah pikeun tetep ngukuhan atawa maké basa Sunda salaku basa Indungna. Chaer jeung Agustina, (2010: 134) nétélakeun yén ngukuhan basa (*pemertahanan basa*) téh nyaétatarékah, sikep atawa ajén masarakat kana hiji basa, pikeun tetep ngagunakeun/maké hiji basa sok sanajan dilingkung ku basa-basa séjén anu sipatna *mayoritas* anu hirup masarakat.

Basa dipaké dirupa-rupa tempat, boh di tempat padumukan sapopoéboh di tempat wisata. Basa nu dipaké di tempat padumukan sapopoé biasana béda jeung basa nu aya di lingkungan tempat wisata. Kitu deui basa Sunda, perlu dipaluruh naha aya pangaruhna dina hal makéna basa kulawarga/masarakat jeung désa wisata. Di Ciwidéy aya hiji désa nu katelah ku désa wisata *édukatif* tatanén nu loba kaliliwatan jeung jadi tempat pangjugjungan ku para wisatawan, nyaéta Désa Lebakmuncang Kecamatan Ciwidéy Kabupatén Bandung. Di éta désa loba kulawarga jeung masarakat anu komunikasi langsung jeung para wisatawan. Ku

kituna kumaha sikep jeung makéna basa Sunda di ieu désa masih dipaké atawa geus loncér, ieu hal perluna ayana panalungtikan.

Panalungtikan ngeunaan sikep basa samodél kieu, saméméhna geus aya nu nalungtik, saperti ku Amanda (2012) anu maluruh sikep basa barudak PAUD di Désa Sariréja Kacamatan Jalan Cagak Kabupatén Subang. Prof. Abigail Cohn (2013), anu nalungtik basa Sundadi Jawa Barat. Nina Setyaningsih (2010) anu maluruh ngukuhan basa Jawa Samin di Kabupatén Blora. Tuluy ku Panca Dewi (2011), anu maluruh ngeunaan *strategi* ngukuhanjeungmekarkeun Basa Jawangaliwatan pangajaran siswa kana sastra. Tapi éta panalungtikan can pati maluruh ngeunaan tarékah sadar dina kahirupan sapopoé masarakat, salian ti éta leuwih maluruh basa Jawa.

Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtikan ngeunaan “*Sikep Basa Kulawarga dina Ngukuhan Basa Sunda di Désa Lebakmuncang Kacamatan Ciwidéy Kabupatén Bandung*” perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu ulikan perlu leuwih diheuruatan deui sangkan leuwih museur kana naon nu ditalungtik tur nyumponan kana naon anu diudag. Lantaran ulikan sosiolingusitik mangrupa ulikan anu kawilang lega pisan, ieu panalungtikan diwatesanan ngan saukur maluruh sikep basa anu diwatesanan ku tilu komponén nyaéta kognitif, aféktif, jeung konatif anu didadaskan kana ciri sikep basa nurutkeun Garvin jeung Mathiot (dina Chaer jeung Agustina, 2010: 152) nyaéta,(1) kasatiaanbasa (*language loyalty*), anu ngarojong hiji masarakat tetep maké hiji basa kalayan ngukuhan;(2) kareueus basa (*language pride*), anu ngarojong hiji jalma mekarkeun basana katut maké hiji basa salaku lambang idéntitas hiji masarakat; (3) kasadaran ayana norma basa (*awareness of the norm*), anu ngarojong hiji masarakat ngagunakeun hiji basa kalayana sopan jeung santun luyu jeung tetekon. Antukna sikep basa anu nyoko kana tilu komponén éta bisa katémbong dina ngukuhan (*pemertahanan*)basa

Sunda di kulawarga anu aya di Désa Lebakmuncang Kacamatan Ciwidéy Kabupatén Bandung pikeun maké basa Sunda.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah, masalah panalungtikananadirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kaayaan administratif Désa Lebakmuncang Kecamatan Ciwidéy Kabupatén Bandung?
- 2) Kumaha sikep basa kulawarga di Désa Lebakmuncang Kacamatan Ciwidéy Kabupatén Bandung dina ngukuhan (*pemertahanan*) basa Sunda?
- 3) Naon waé anu nglantarankeun ayana robahna basa jeung ngésérnabasa Sunda di Désa Lebakmuncang Kacamatan Ciwidéy Kabupatén Bandung?
- 4) Faktor-faktor naon waé anu ngarojong jeung nyandet kana ngukuhan (*pemertahanan*) basa Sunda di Désa Lebakmuncang Kacamatan Ciwidéy Kabupatén Bandung?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun numuwuhkeun deui rasa kareueus jeung kasadaran masarakat Sunda ngeunaan pentingna maké basa Sunda dina kahirupan sapopoé. Ari sababna, basa Sunda téh basa indung urang anu salawasna kudu dimumulé sangkan henteu nepi ka tumpur.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Anu jadi tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadeskripsikeun:

- 1) kaayaan administratif Désa Lebakmuncang Kecamatan Ciwidéy Kabupatén Bandung.
- 2) sikep basa kulawarga di Désa Lebakmuncang Kacamatan Ciwidéy Kabupatén Bandung dina ngukuhan (*pemertahanan*) basa Sunda.

- 3) faktorana nglantarankeun ayana robahna basa jeung ngésérnabasa Sunda di Désa Lebakmuncang Kacamatan Ciwidéy Kabupatén Bandung.
- 4) faktor-faktorana ngarojong jeung nyandet dina ngukuhan (*pemertahanan*)basa Sunda di Désa Lebakmuncang Kacamatan Ciwidéy Kabupatén Bandung.

## **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

### **1.4.1 Mangpaat Téoritis**

Mangpaat teoritis tina ieu panalungtikan nyaéta sangkan bisa méré hiji gambaran yén tiori sosiolingusitik téh mangrupa gabungan tina dua antardisiplin élmu nyaéta sosiologi jeung lingusistik, anu bisa digunakeun pikeun maluruh gejala-gejala atawa kaayaan basa anu aya di masarakat.

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Dipiharep ku ayana ieu panalungtikan, bisa ngahudangkeun deui masarakat Sunda anu geus mimiti ninggalkeun basa Sunda salaku basa indungna. Salian ti éta ku ayana ieu panalungtikan bisa maluruh sikep basa masarakat dina ngukuhan basa indungna maké élmu sosiolingusitik. Salian ti éta, mangpaat praktis tina ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban tur ngadeudeul bahan ajar atawa matéri di sakola. Pikeun pangajaran ieu hasil panalungtikan gé bisa dijadikeun artikel di sakola atawa perpustakaan.

## **1.5 Sistematika Nyusun Skripsi**

Dina ieu panalungtikan disusun dina lima bab. Bab I mangrupa bagéan mimiti tina skripsi anu eusina medar ngeunaan bubuka. Bubuka dina skripsi eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika nyusun skripsi.

Bab II medar ngeunaan tiori anu patalina jeung panalungtikan “Sikep Basa Kulawarga dina Ngukuhan Basa Sunda di Désa Lebakmuncang Kacamatan Ciwidéy Kabupatén Bandung” minangka dadasar dilaksanakeunna ieu panalungtikan, anu ngawengku tilukomponén sikep basa dumasar kana kognitif, aféktif, jeung konatif kalayan dibarung ku tilu ciri sikep basa nyaéta (1)

kasatiaanbasa (*language loyalty*), anu ngarojong hiji masarakat tetep maké hiji basa kalayan dipertahankeun;(2) kareueus basa (*language pride*), anu ngarojong hiji jalma mekarkeun basana katut maké hiji basa salaku lambang idéntitas hiji masarakat; (3) kasadaran ayana norma basa (*awareness of the norm*).

Bab III medar ngeunaan métode panalungtikan anu ngawengku sababaraha komponen.

1. Lokasi Panalungtikan jeung Sumber Data
2. Desain Panalungtikan
3. Metode Panalungtikan
4. Wangenan Oprasional
5. Instrumen Panalungtikan
6. Teknik ngumpulkeun data
7. Teknik ngolah data

Bab IV mangrupa eusi jeung analisis sikep basa kulawarga pikeun ngukuhan basa Sunda, anu didadasaran kana tilu sikep basa. Kaasup maluruh faktor-faktor anu ngarojong jeung nyandet kana ngukuhan basa Sunda di Désa Lebakmuncang Kacamatan Ciwidéy Kabupatén Bandung.

Bab V mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan jeung saran pikeun nu nyusun hususna, jeung pikeun nu maca umumna.